Ассаламу гІалайкум!

ЗахІмат бихьичІого, рахІат бокьарас,
БекьичІого,лъилъе,нилъ гьечІого,хур.
Инхоса ГІали-хІажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

№ 58 (6455) 16 ноябрь 2015 с. Итни Сафар 1437 с. Багьа 5 гъур.


РОРХАТАЛ МУГІРУЗДА РУГО ГІАДАМАЛ

## Глава Дагестана подписал Указ о проведении в 2016 году Года гор

**Глава Дагестана Рамазан Абдулатипов 6 ноября подписал Указ о проведении в 2016 году в Республике Дагестан Года гор. Год гор объявлен в целях создания основы для обеспечения устойчивого развития горных территорий Республики Дагестан, сохранения и развития традиций, обычаев самобытного, многовекового культурного уклада горцев.**

В связи с этим, Правительству Республики Дагестан поручено в десятидневный срок образовать организационный комитет по проведению в Республике Дагестан Года гор и утвердить его состав; в двухнедельный срок обеспечить разработку совместно с Ассоциацией муниципальных образований «Горные территории Дагестана» и утверждение плана основных мероприятий по проведению в Республике Дагестан Года гор.

Согласно указу, министерства печати и информации Республики Дагестан необходимо обеспечить освещение в средствах массовой информации хода проведения в регионе Года гор. Администрациям муниципальных районов и городских округов республики, а также организациям рекомендовано принять участие в реализации мероприятий по проведению в Республике Дагестан Года гор.

**Управление пресс-службы и информации Администрации Главы и Правительства РД**

АРАЛДА ТАМАНЧА РЕЧІЧІАНИ…

# Гьалбал рокьуларезул бокьобе гІазу баги

### Умумузул гІадатал цІигьарулел руго

**Россиялъул халкъазул гІадатияб маданиялъул Гумбеталъул централда, «Гьоболлъи» проекталда рекъон, дандчІвай тІобитІана. ЛъаратІа росулъа ГІабдулгъаниевазул хъизаналъ къабул гьавун вукІана Хайдакъ районалдаса гьобол Муслим Закарьяев. Гьебго заманалда Гъаякент районалдаса Казиловазул хъизаналъ къабул гьавуна Гумбеталдаса Камил Залумханов. Гумбеталда дандчІваялде рачІун рукІана «Гъаякент район» муниципалияб гІуцІиялъул администрациялъул бетІерасул заместитель Ольга Ибрагьимова, культураялъул отделалъул нухмалъулей Умукусум Агаева, Казиловазул хъизаналъул вакилзаби ва цогидалги.**

Гъаякент районалдаса делегациялда дандчІвай гьабуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул бетІер **ГІабдулахІажи ГІабдулкъадировас,** гьесул заместитель **АхІмад Сулаймановас**, культураялъул, физическияб культураялъул, спорталъул, гІолилазул политикаялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев **МухІамад ГІумардибировас.**

Муслим Закарьяев Гумбет районалда гьоболлъухъ вукІана 14 къоялъ, щулалъана ГІабдулгъаниевазул хъизаналъул членазулгун гьудуллъи.

ДандчІваялда букІана гьудуллъиялъулаб, ракІ рагьараб гара-чІвари. «Гъаякент район» муниципалияб районалъул администрациялъул бетІерасул заместитель **Ольга Ибрагьимовалъ** Гъаякент районалъул бетІерасул рахъалдасан бакълъулазе ракІракІалъулаб салам къуна ва абуна кІиябго районалда гьоркьоб гьоболлъи гьабиялъул, гьудуллъиялъул ахІвал-хІал хадубккунги цебетІезе бугилан. «Гьоболлъи» проекталда жигараб гІахьаллъи гьабиялъе гІоло «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул бетІер ГІабдулахІажи ГІабдулкъадировасухъе ва культураялъул, физическияб культураялъул, спорталъул, гІолилазул политикаялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев МухІамад ГІумардибировасухъе къуна баркалаялъул кагътал, къиматал сайгъатал.



**(Ахир-кІиабилеб гьум.)**

НОМЕРАЛДА РУГО:




НекІсияб магІарул мина – нилъер тарихги цІарги

-2 гьум.





Садуса цІулал устарзаби

-2 гьум.





Ахазул гІарза

-3 гьум.





Открытость и прозрачность – показатель ответственности

-4 стр.

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.
Инхоса ГIали-хIажи



БЕТIЕРАВ РЕДАКТОРАСУЛ ПИКРУ

# ГЭСал цIикIкIанагIан, дагьлъулеб канлъи

### Энергетиказдасан турарал хIубазул зигара

**Гьобол-гьудуласдаса вохулев, рагьараб ракIги бугев «дун росулъа вас вуго» абун хьвана ГIабасил МухIамадица. Гьединаб рагьараб ракIалъул магIарулаз рес рекъарабщинаб нигIматги сурсатги бикьулеб буго дунял-гIамалалъе – би, рухI, бахIарчилъи, спортивиял, маданиял ва цогидалги гьунарал, хинлъи ва канлъи. МагIарулал ва тIолго дагъистаниял донорал ккола. Нилъер ГЭСаз кьураб канлъиги, хинлъиги, къуватги тIибитIула тIолаго Кавказалда. ГIурусазул кици буго, хьитазул устарасул хьитал рукIунарилан. Гьелъухъего, электроэнергия абулеб жоялъул рахъалъ мукъсанго хьезарун руго дагъистаниял ва хасго магIарулал. Токалъухъ багьаги учузго тун гьечIо, турарал токалъул хIубаз къоги хIехьолеб гьечIо. Гьеб суал цIакъго кIвар цIикIкIараблъун лъугьуна ражицин цIоролеб гьадинаб кьиндалил заманалда.**

ГIемерал магIарул росабазул масъала буго энергиялдалъун хьезариялъул рахъ хьадарлъи. ТIадчагIазде гIадатияб халкъалъ рахъулел гIарзазда, хьвалел кагътазда ва хитIабазда кIудияб бакI ккола токалъул, цIатариялъул суалалъ. Гьединаб гIузру загьир гьарурал кагътал гIемер рачIуна редакциялдеги.

Унго-унголъунги гьал ГЭСазда сверун гIуцIун ругелщинал хIажат бугелги гьечIелги идараби! Гьезул чангиял, «МММ» пирма гIадал, гIадамал гуккулел ва хIулулел, болнухда гьурал корпал гIадал конторабазда ккола. Хасаб гуреб, гIаммаб цIарлъун лъугьана чубайсги. Чубайсил унти бахун ва ккун буго энергетикаялде, жеги гьелдаса сахгьариялъул ва хвасарлъиялъул иш-махIго гьечIо.

Чанго соналъ цебе гьаб темаялда хьвараб цо макъалаялда дица цIар лъун букIана «Рихьундерил аздагъо-борохь» ( «Ирганайская гидра», «РусГидра») абун. ГIадамил гьан куннеб гьеб борохьалъул бутIрул къотIун лъугIулелго гьечIо, цIи-цIиял раккун гурони. Масала, энергетикаялъул агентство абураб цоги идара бижун бачIана Дагъистаналда. Кумек гьабурабищха гьебги цогидалги гIуцIабаз, гьури бахъарабго, турарал хIубалги регун ун, токги сун, МагIарухъ гIунун холев вугев херасе? Гьедин цIороялъ ругьдал унти ккараб лъимералъе?

Абизе бегьула нилъер умумузул токги букIинчIин, нахулги лахIулги чирахъазде къулун рукIунаанин гьелилан. Нилъер умумуз гьабатал ахал гIезарулел рукIарал гIодорлъабазда тIупанги тIун, чIахIи-чIахIиял ГЭСал рана МагIарухъ. Гьел ГЭСаздасан щвараб энергия сах-саламатаб куцалда ва учузаб багьаялде букIинабизе ккола бищун цебе МагIарухъ.

Гьале жакъа, 2015 соналъул 12 ноябралда, МагIарухъе зампари бихьараб цIорой рехана, гIазул пуй-чIвай багъарана. Россиялда кидаго хасел расги лъачIого бачIунилан абухъего, тIоцебесеб квачги гIазуги хIехьечIо токалъул мухъаз ва идарабаз. Жакъа кьоялъ дихье магIарулазул батIи-батIиял боздасан ва росабалъан кIалъалел руго, токги сун, дарран соролел, гIусал-цаби цоцаз гьуриледухъ, гьарулел ругилан.

Кибха бугеб пачалихъ ва азаркьерал ток кун гIурал богIолабиги идарабиги? МичIчIида хьонгIан гIемерал гьел гIуцIаби, кьандир рачIчIалги къазарун, тIепун чIола гьадинаб заманалда. Руго гьел токалъул хIалтIухъабазда гъорлъ сахал махщалилалги, унго-унгоял, бахIарчиял гIадамалги. Амма, ришватал росун ва мекъаб кверальъ гьарудун ругьунал лотабиги гIемер руго. Щай энергетикаялъул тIадчияс моцIие нусазаридаса цIикIкIун харж кьолеб пачалихъалъ, гIунун холел лъималги рехун тун? Щай нухлуе садакъа бакIарулеб, гIадатияб халкъалъул ахирал гъурщалги гьарун, гьеб гьари гьабулезул чанго миллион гъурщил багьаяб чияр улкабаздаса машина-гьоко щай бичулареб садакъаде? «Дуца нах бахунге мохмохалда тIад, тIинкIе гьеб бакъвараб чадил мочIуде», - гьедин хьвана ЦIадаса Расулица.

Масала, гьарадерил лъабабго росулъе захIматаб ва халатаб нух буго (18 км), республикаялъулаб шагьранухдаса, Гъоркьа Инхоса бахъараб. Гьеб нух бугеб бакълъудасан араб гIасруялъул 70-анцIабилел сонazго лъурал токалъул хIубалги руго, жаниса турун, гьороца, тIайпусазул рачIчIал гIадин, кьабгIезарулел. Гьел хIубал хисизе жидер рес гьечIилан абуна токалъ кваназабулеб идараялъул вакилас. Гьединал турарал хIубазул хIинкъи буго аскIосан унезеги, росабазул жамагIатазеги. Токалъул хIубал басралъиялъул гIузру буго гьединго инхдерил росабалъ, Килалъ, Игьали ва цоги гIемерал магIарул росаби-рохханазда.

Гьалщинал приоритетниял абун проектал руго рилълъанхьизарулел, родол чIюри бахъулеб гIадин, гIадатияб даранчи ва мискинхалкъ зурун, гьездаса къого магъало бахъулеб букIинчIого, пачалихъалъ гьединаб проектлъун щай рагIизабулареб Дагъистаналда энергетикаялъул мукъсанлъи лъугIизаби?

Гьаб макъала хьвалев вуго ишалъ МахIачхъалаялде щварав чи. МагIарухъ вукIаравани, макъала хьвазе токцин букIинароан. Гьал мухъал «Гумбет» газеталъул гьудулзабазе гIахьал гьарулев дун вукIаго, аза-азар магIарулал магIарул росабалъ гIунулел, цIоролел руго.

«Индия, огь, кида дур лал бокъунеб?», - абун хьвана Расул ХIамзатовас. Дагъистаналъул лал кида бокъунеб?

**ГIизудинил ХIамзат**

# Гьалбал рокьуларезул бокьобе гIазу баги

**(Байбихьи-тIоцебесеб гьум.)**

Гумбет районалъул администрациялъул бетIер ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировас хIурматиял гьалбадерие баркала кьуна ва абуна гьеб проекталъ районазда гьоркьоб гьудуллъи щулалъизе, гьел гьункизе ругилан. МухIамад ГIумардибировас гьалбал рачана маданияб кIалгIаялде, кьуна къиматал сайгъатал. Залумхановазул хьизаналъги жидехъего рохалида къабул гьаруна гьалбал.

«Гьоболлъи» проекталъул тадбирал тIуразарулаго, Гумбет районалдаса делегация ана Хайдакъ районалъул Маджалис росулъе. Гумбет районалъул ЛъаратIа гьоболлъухъ вукIарав **Муслим Закарьяев** рокъове Хайдакъ районалде тIадвуссана.

Бакълъулазул делегациялда рукIана лъайкьеялъул отделалъул специалист **Сурхай Сурхаев, ГIабдулгъаниевазул** хьизан **(ГIабдулгъани, Лайла)**. Гьел къабул гьаруна Хайдакъ районалъул администрациялъул бетIерасул ишал тIуралев **Алим Темирбулатовас.** ГIабдулгъаниевазе гьес кьуна къиматаб сайгъат ва гьоболлъиялъул сертификат.

РакIалдаса унарел, гьоболлъи, гьудуллъи, цоцалъ гьунки бецдарал, Дагъистан Республикаялъул Миннацалъул «Гьоболлъи» проекталъе лъикIаб къимат кьурал кIалъаял гьаруна Алим Темирбулатовас ва Сурхай Сурхаевас. Хадур гьалбал къабул гьаруна Маджалисалда Закарьяевазул хьизаналъ.

**«Гумбет» РИО**

ГЬОБОЛ ЧIАЛГIАРАСУЛ ЧIВАГИ ХIАЛИЛАТ

# НекIсияб магIарул мина – нилъер тарихги цIарги

### Гумбет районалъул бетIер ЛъаратIа росулъе Гьоболасул рокъове щвана



**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиев щвана ЛъаратIа росулъе Гьоболасул рокъове. Гьесда цадахъ рукIана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель АхIмад Сулайманов ва райадминистрациялъул аппараталъул нухмалъулев ИсмагIил Салатгереев.**

ЛъаратIа росу бакьулъ бугеб Гьоболасул рукъ буго цебего заманалъ бараб бакI. Жаниб лъун буго цебегосеб мебель, цIарагI, какикь тIамулел гьитIинал тIансаби.

ЛъаратIа росдал поселениялъул бетIер **Анвар Залумхановас** абуна Гьоболасул рукъ къачIалеб бугин ва гьалбал къабул гьаризе гIагараб заманалда гьениб санагIалъи букIине бугин.

Гумбет районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевас росдал бегавуласе баркала кьуна гьабураб лъикIаб хIалтIухъ ва тIаде жубана Гьоболасул рукъ нилъер культура цебетIей загьир гьабулеб, умумузул лъикIал гIадатал церехун рачине квербакъи гьабулеб бакIлъун лъугьине ккола. Гьединал рукъзал гIуцIулаго, нилъеца пикру гьабизе ккола гьеб росдал маданияталде гьалбадерил рокьи бижизе букIиналде.

**«Гумбет» РИО**

МАГIАРУЛ ХАЛКЪАЛЪУЛ МЕСЕДИЛ КВЕРАЛ

# Садуса цIулал устарзаби

### Гумбет районалда рагьана мебель гьабулеб цех

**Дагъистан Республика цебетIеялъул «Новая индустриализация» приоритетияб проектги гIумруялде бахъинабулаго, Гумбет районалъул ЦIияб Аргъвани росулъ рагьана 9 миллиондаса цIикIкIун гъурущ сметаялъулаб багьа бугеб мебель гьабулеб цIияб цех.**

Гьеб рагьиялъул данделуссиналда гIахьаллъана «Сельсовет «Аргванинский»» росдал поселениялъул бетIер **Сайпилав МухIамадов**. Жиндирго кIалъаялда гьес абуна муниципалитеталъ церетIеялъе гьединал производственниял объектал хIалтIизе риччаялъул кIудияб кIвар бугилан. Мебель гьабулеб цех рагьи ккола росдал тарихалъе кIвар бугеб иш. Рес букIина хIалтIудалъун гIадамал хьезаризе, районалъул бюджеталде налогал рачIин цIикIкIина.

«Садуб -мебель» ООО-ялъул генералияв директор **Шамил НурмухIамадовас** бицана мебель гьабулеб цех баялъул индустриалияб проект гIумруялде бахъинабизе байбихьун букIанин 2012 соналъго, гIарцулал сурсатал гIураб къадаралда рукIинчIолъиялъ, 2015 соналъ гурони лъугIизабизе кIвечIин.

«ГьабсагIат буго щуго чиясе хIалтIизе бакI, лъабгоял махщалие лъикIго хIадурун рачIарал руго. ТIубараб къудал, 20 чиясе бакI букIине буго цехалда. 2015 сонанда 3,5 миллион гъурущалде алатал росана нижеца, амма жеги гIолеб гьечIо кIиго станок.

Гьаб соналъ «Садуб-мебель» ООО гIахьаллъулеб буго байбихьулел предпринимателазе грант щвеялъул конкурсалда. Гьеб конкурс тIобитIулеб буго Дагъистан Республикаялъул промышленностиялъул, дармил ва инвестициязул министерствоялъ ва ракIчIараб буго гьениб нижер рахъкквезе букIиналда», - ян абуна Шамил НурмухIамадовас.

Шамил НурмухIамадовас баркала кьуна мебель гьабулеб цех хIалтIизе биччаялъе, грантал щвеялъе конкурсалде ритIизе документал хIадуриялъе, районалда жанибги гьеб тун къватIибги ЦIияб Аргъваниб цехалда хIадурураб къайиялъул реклама гьабизе кумек ва рахъкквей гьабурал бетIералда **МухIамадгIали МухIамадгIалиевгун** районалъул нухмалъулезе.

**«Гумбет» РИО**

АХИХЪАНЛЪИЯЛЪУЛ СОН

# Ахазул гӀарза

### Лъиналъул суал жакъаги аслияблъун хутӀулеб буго

**Журналист Магьди ГӀабдурахӀмановас борхулеб буго ахал лъалъаялъе гӀураб къадаралда лъим чӀезабизе ккеялъул кӀвар бугеб суал.**

## «Нилъеца кьуни, нилъееги кьола». РакӀалдещвеял

Гьеб букӀана араб гӀасруялъул ункъоабилел сонал, киса-кирего комсомолазул гӀуцӀабазул хӀаракатчилъи борхараб, халкъияб магӀишаталъул хӀалтӀулъ гьезул бергьенлъаби гьарзаяб заман. Росдал годекӀаниб эхетараб «Комсомолалъул прожекторалъул» хьорщода чӀван букӀана иргадулаб номер. РакӀалда буго гьениб бахъун букӀараб сурат: росдадаса гӀемер рикӀкӀад гьечӀого чвахулеб гӀорул рагӀалдаса росулъе лъурал турбаби ва, гулгунги кодоб ккун, турбаялда жанибе лъим тӀолев росуцояв. Гьелда гьоркь букӀана хьвай-хьвагӀай: «Нилъеца кьунани, нилъееги кьезе бегьула», - абун.

Араб гӀасруялъул 70-абилел соназ гӀорухъан росулъе лъим кьабизеян лъурал гьел турбаби, цо-кӀиго нухалда хӀалбихьизеян гурони лъимги кьабичӀого, жакъаги лъуралъурго руго. ГьечӀин гьездасан кинабгӀаги пайдаян абизе бегьиларо, гӀорул рагӀаллъабазда ругел ахакье лъим кьабизе яги насосал хӀалтӀулареб мехалда гьелго ахакье тӀаса гьоркье магӀардасахун бачӀунеб лъарал лъим биччазеги хӀалтӀизарула гьел цо-цояз. Ана сонал, хисана наслаби-гӀелал, доб заманалъул ах-хуралъул бетӀергьабазул росулъе гӀорул лъим чвахун бихьизе анищалги хьулалги, цоцахъа-цоцахъе кьун, гьанжесеб гӀелалъеги къуваталда хутӀулел руго.

## ГӀорул рагӀалдаги «къечоца хварал»

Ах-хуралъул гӀелмуялъул гӀор гьекъечӀониги, дагьабниги кӀал биччизе, къатӀраби щварав чиясдаги лъала гьветӀхералъеги, хурул нигӀматазеги, чара гьечӀого регьел къваригӀунеблъи, сезоналъе 4-5 лъалъгӀаги, хасго гьутӀби тӀегьалелдеги, тӀегьдаса руссун хадубги, пихъ бакӀарун хадубги, хаслихъеги. Ихдалил лъалъ - пихъие, хаслихъе - гьутӀбузеян абулаан умумуз. МугӀрузул ахалъабазда, хьиндаллъиги гӀураб гӀорумухъалда гӀадинаб беричаб, тӀагӀамаб пихъ кибниги букӀунарин абула. Гумбет районалъул хьиндаллъиялъул росабазда гьоркьоб игьелдерилгӀан чӀахӀиял ахал-хурзал цоги гьечӀин абизе бегьула. КӀодолъулел руго гьел ахал соналдаса соналде, рехун таралги цӀигьарун, цӀицӀиялги тӀаде гьарун. Амма лъиналъул суал хутӀулеб буго жеги захӀматаблъун.

ГьечӀо районалда жидер ракьалдасан чвахулел лъиназул рахъалъ игьелдеридаса бечедал гӀадамал: гӀор, кӀиго лъар, цоги 2-3 батӀиял лъиналги. Амма ниж хутӀулел руго, чӀахӀиял рогӀразухъан нижер ракьалдасан ЧӀиркъатӀехун унеб лъехьги гӀащикълъун, хӀацӀу къулчӀулел. Сахал хӀалтӀул алаталцин гьечӀого, 2-3 километраялъ тӀадехунисан бахинеги гьабун, умумуз гӀорул лъим жибго чвахун бачӀинабун букӀана Салихуриб ва Байданалда абулел мегъалъе. Жакъа, бокьараб техникаги бугеб, «космосалъул гӀасруян» абулеб заманалда, гьединаб ресалдаса пайда босизе ракӀалде кколев нухмалъулевги кколев гьечӀо. Амма кида-къадги гьедин гьабизе ккезе буго. Насосазул станцияl, жакъа ругониги, метер рукӀинчӀого рукӀинеги бегьула. ЦӀадал рани, гӀор хӀабургъунин абула, рагӀони, гӀор дагьлъун бугин, гьенибе лъим цӀалеб турбаялъул кӀал гӀунтӀулеб гьечӀин абула, ток сунин, насос букӀунин абула, гьедин бищунго хӀажатаб мехалда ахал лъалъазе лъим гьечӀолъиялъул хӀужаби щибаб соналъ гӀемер ккола.

РакӀалде ккола, исанасеб сон Дагъистаналда киса-кибего ахихъанлъиялъул сонлъун лъазабуни бугелъул, щибго квал-квал гьечӀого, ахазе хӀажалъулеб къадар лъиналъул щвелилан. Октябрь-ноябрь моцӀал кидаго рукӀана хаслихъе лъалъал тӀоритӀулеб заман. Гьале октябралъул бащалъиялдаса хадуб, жидеда тӀасахун нухмалъулез жидеда чӀезе теян лъазабун бугилан, чӀезе тун буго лъим къабиялъул хӀалтӀи. Гьедин лъалъачӀого хутӀулел руго гӀемерисел ахал. ГӀилла лъаларо.

РакӀ бухӀун гӀоданани, беццаб бадисаги магӀу чвахулеблъиялъе гӀурабго хӀужалъун ккола араб гӀасруялъул 70-абилел соназ игьелдерил росдал советалъул нухмалъулевлъун хӀалтӀулев вукӀарав Бибулатов СайгидгӀалил хӀаракаталдалъун, машина бачӀунареб бакӀалде вертолеталъ турбабиги рехун, Хунзахъ МУОСалъул хӀалтӀухъабаз (Межрайонное управление оросительной системы) 10-12 км. рикӀкӀадасан Инхвалъар абулеб лъарал лъим росулъе чвахизаби. Амма жакъа гьелъги гӀадамазул лъалъадизе лъиналде бугеб хӀажалъи тӀубалеб гьечӀо: цудунаб ихдал ва хаслихъе гьеб цӀакъго дагьлъула. Гьеб гуребги, гьеб лъиналъ, ракьал, хасго чӀахӀиял гьутӀби ругел бакӀаздасан рагьизарун, гвендал лъугьинарулел руго. Рехсарал гӀузраби щибаб соналъ гӀадин такрарлъулелги рукӀун, дица цебе-цебеги батӀи-батӀиял данделъабаздаги борхараб суал букӀана, ЧӀиркъатӀе гӀадинал гӀатӀидал гьечӀониги, цо рекъарал турбабиги лъун, Сагъри лъарал лъим Игьали росулъе чвахизабиялъул суал. ЧӀахӀияз абула, 50-ялдасаги цӀикӀкӀун соналъ Гумбет районалда гьорлъ ругониги, МелъелтӀаса Ширухан ХӀажимурадовасул хӀаракаталдалъун бараб насосалъул станциялълъги ЦӀиликьа МухӀидин МухӀидиновас гӀоралда тӀасан бараб кьоялълъги багьаяб хӀалтӀи игьелдерие гьабичӀилан. Биччанте тӀадехун рехсараб суал гӀумруялде



бахъинаби букӀине тӀокӀаб тӀадруссине кколаредухъ, кидагоялъе игьелдерил лъиналде бугеб хӀажалъи тӀубазе гьабулеблъун. КъваригӀун буго байбихьи лъезе. ТӀоцебесеб иргаялда, Районалъул собраниялъул иргадулаб данделъиялда гьоркьоб гьаб масъала щуго соналда жаниб гьаризесел хӀалтӀабазул сияхӀалде гьорлъе босизе. Хадуби росдал магӀишаталъул министерствалдасан, Хунзахъ лъел магӀишаталдасан кумек тӀалаб гьабун, ресалда рекъараб бутӀа районалъул бюджеталдасанги лъун, гьеб суал рагӀалде бахъинабиялъе тадбирал гьаризе гьорлъе лъугьине.

Умумуз абулеб батана, гӀемер тӀатӀалаго чвахун цӀадалги ран, хурзабахъ хӀорал чӀун ратаниги, гьел хӀоралги квераз нахъе хъван, чвахун бачӀунеб лъиналъ лъалъайила хурзалилан, гьедин гурони, ахуралъе гӀураб регьел щоларилан.

## Ахирал соназул аслияб ахӀи

Нилъеда гӀемер рагӀула магӀарухъ росаби чӀороголъулел, чӀунтулел ругилан, гьенисан гӀатӀиракьалде, шагьаразде гочунезул къадар къо бахъанагӀан цӀикӀкӀунеб бугилан, гьеб хӀал хисизабизе ккани, тӀоцебесеб иргаялда гӀолохъанаб гӀелалъе хӀалтӀи букӀинабизеги, гӀумру гьабиялъе шартӀал лъикӀлъизаризеги кколилан чӀахӀиял трибунабаздасан ва халкъиял информациялъул алатаздасан рицунел харбал. Гьеб рахъалъ мугӀрузда ругел росабалъ гӀи-боцӀухъанлъиялъе, хьиндаллъиялда ругел росабазеян абуни ах-хуралъул нигӀматал гӀезариялъе хӀажатал шартӀал гӀуцӀизе ккола. Нухазда игӀланал-сураталги чӀван, кагътида ахалги гьарун, иш кьокълъулеб бугони, добго хурив довго Муса хутӀиларищха.

СССР биххун хадуб, цӀад бан хадуб гӀурдахӀанал гӀадин, гӀемерлъарал гьал партиязул цо-цо нильер районалда ругел гӀуцӀабазул «Гумбет» газеталда рахъарал программабазулгун лъай-хъвай гьабулаго, дие цӀакъ рокьана ва рекӀее лъикӀаб асар гьабуна, дирго гӀадин, такрарлъулел цохӀого магӀнаялъул рагӀабаз: гӀадамазул мурадал тӀуразе ругилан лъазабиялъ, халкъалъул рукӀа-рахъиналъул шартӀал ва гь.ц., рагӀудалъун гуреб, ишаздалъун лъикӀлъизариялде кьезе бугин аслияб кӀварилан абиялъ.

Гьаниб борхараб игьелдерил лъел суалалда хурхун тӀоритӀулел тадбираз унгоунголъунги бихьизабилаан гьел рагӀабазул ритӀухълъи, гьел, рагӀи рекъеялъе, ххвелкӀечалъе абуралищ яги… Заманаялъ бицина.

**Магьди ГӀабдурахӀманов,**
**Игьали росу**

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

# ЦӀаналъ росулъ нухазде чабах баччана

### ЖамагӀаталъ баркала кьолеб буго

**2015 соналъул 5-6 ноябралда, Игьали росдал администрациялъул бетӀер ХӀажимурад МухӀамадовасул хӀаракаталдалъун, ЦӀаналъ росулъ жанисел нухал, чабах баччун, къачӀана.**

ЖамагӀат разияб хӀалтӀи гьабуна тракторист **МухӀамад МухӀамадовас.** Нухазде ракь баччизе жиндирго «Камаз» машинагун гьес цадахъ вачун вачӀана вас **Шамилги**.

Тракторалъ нух битӀизабулаго, цебе ккараб гамачӀгьегъ нахъе босизеги цогидаб хӀажатаб жоялъеги кумекалъе рачӀана росдал гӀолохъаби **МухӀамаднаби Набиев, ГӀиса Набиев, АхӀмад ГьазимухӀмадов, АхӀмад ХӀажидадаев.**

КӀиябго къоялъ гьезие квен-тӀехалъеги хӀажатабщиналъеги гьелгун цадахъ чӀана ЦӀаналъ маданиябгун хӀухьбахъиялъул централъул хӀалтӀухъан ва росдал администрациялъул бетӀерасул заместитель **МухӀамаднаби ПатахӀовги.**

ЦӀаналъез баркала загьир гьабулеб буго росдал администрациялъе ва кумекалъе рахъарал гӀолохъабазе.

Ниж гӀадин, Аллагьги разилъаги гьездаса.

**ЦӀаналъ росдал жамагӀат**

НИЛЪ – БАРАБ АХӀУЛЪГИ АХӀАРАБ БОЛЪГИ

# Парахалъи ва рекъел цӀунулел

### Гумбет районалда кӀодо гьабуна полициялъул къо

**Россиялъул Федерациялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул данделъабазул залалда рохалида кӀодо гьабуна Россиялъул жанисел ишазул хӀалтӀухъанасул къо.**

Гьеб тадбиралда гӀахьаллъана ОМВДялъул нухмалъулев, жанисеб хъулухъалъул подполковник **Сайпудин МухӀамадгӀалиев,** Гумбет районалъул прокурор, юстициялъул кӀудияв гӀакълучи **МухӀамад МухӀамадов,** Унсоколо районалъул судалъул председателасул ишал тӀуралей **Загьидат Абакарова,** ФСБялъул хӀалтӀухъан, Гумбет районалъе кураторлъи гьабулев **ХӀажи Сулайманов,** пенсионнияб фондалъул Гумбет районалъул отделениялъул нухмалъулев **ТӀалхӀат Жамалудинов,** Гумбет районалъул администрациялъул бетӀерасул заместитель **АхӀмад Сулайманов,** тӀаде къабул гьарурал жанисел ишазул отделалъул ветераналги, полициялъул отделалъул хӀалтӀухъаби.

**(Ахир-ункъабилеб гьум.)**

ПОЛИТИКА

# Открытость и прозрачность – показатель ответственности

### Дагестанская делегация приняла участие в пленарном заседании Всероссийского форума местных отделений «ЕДИНОЙ РОССИИ»

**Дагестанская Делегация приняла участие во Всероссийском форуме Секретарей местных отделений Партии «ЕДИНАЯ РОССИЯ», который состоялся, вчера, 12 ноября, в зале заседаний Международного выставочного центра «Крокус Экспо».**

Форум состоял из двух частей: в первой половине дня проводились дискуссионные площадки, после чего состоялось основное пленарное заседание. В работе пленарного заседания принял участие руководитель Партии, председатель Правительства РФ **Дмитрий Медведев**.

Выступая перед участниками форума, руководитель кабинета министров страны Дмитрий Медведев призвал партийцев нацелиться на легитимную победу на предстоящих в 2016 году парламентских выборах.

«Мы должны все нацелиться на уверенную победу. При этом помнить, что наша с вами победа должна быть легитимной. Мы обязаны доказать, что «ЕДИНАЯ РОССИЯ» - это политический инструмент, который является эффективным средством повышения качества власти», - сказал Медведев.

Он выразил мнение, что транспарентность в действиях властей должна демонстрировать политическую силу единороссов.

«Для нашей Партии открытость, прозрачность действий депутатского корпуса и исполнительной власти в целом крайне важны. Это показатель ответственности и политической силы «ЕДИНОЙ РОССИИ», - заявил Медведев.

По словам Секретаря Карабудахкентского местного отделения Партии, главы района **Махмуда Амиралиева,** в ходе форума руководство «ЕДИНОЙ РОССИИ» поставило перед секретарями местных отделений сложную задачу по подготовке к праймериз на местах. «По итогам муниципальных выборов, практически 79% депутатов собрания депутатов Карабудахкентского района составляют представители «ЕДИНОЙ РОССИИ». По приезду в район я планирую собрать весь актив, рассказать о процедуре проведения предварительных выборов и поставить перед всеми членами



Партии вопрос о подготовке к ним»,- поделился планами Амиралиев.

Секретарь Южно-Сухокумского местного отделения Партии, глава города **Эсенбулат Магомедов** подчеркнул, что форум выступил площадкой, на которой секретари местных отделении «ЕДИНОЙ РОССИИ» различных регионов могли познакомиться друг с другом, получить необходимые ответы на интересующие их вопросы, а также обменяться опытом для более качественной работы на местах: «Мы делаем все во благо людей, для их благоустройства. Такие форумы укрепляют дружбу народов России, и, мне кажется, что подобные мероприятия, необходимо проводить также и на местах», - отметил Магомедов.

Секретарь Гумбетовского отделения Партии, глава Гумбетовского района **Магомедали Магомедалиев** заметил, что форум является одним из важных мероприятий для Партии в преддверие выборных событий. «Представители местных отделений являются именно теми людьми, которые работают непосредственно с населением, с избирателями, с активными участниками избирательного процесса. Хочу отметить, что вся наша делегация, состоящая из руководства и представителей Дагестанского регионального отделения Партии и 40 секретарей местных отделений, была представлена активными партийцами. Уверен, что они, по приезду в муниципалитеты, обязательно донесут всю необходимую информацию до населения»,- заявил он, рассказав, что в рамках работы форума особенно ярким явилось выступление председателя Правительства России Дмитрия Медведева, который поднимал вопросы, волнующие не только членов Партии, но и каждого гражданина.

Напомним, Всероссийский форум Секретарей местных отделений Партии «ЕДИНАЯ РОССИЯ» был организован впервые. Он проводился по инициативе Председателя Партии Дмитрия Медведева.

Основными темами обсуждения на форуме стали: подготовка к Общефедеральному предварительному партийному голосованию по определению кандидатур для последующего выдвижения в качестве кандидатов в депутаты Госдумы VII созыва и в депутаты законодательных органов власти регионов, а также закон об исполнении антикоррупционных норм.

**Гумбетовское местное отделение Партии «Единая Россия»**

# Парахалъи ва рекъел цIунулел

**(Байбихьи-лъабабилеб гьум.)**

«ХIурматиял полициялъулал, ОВДялъул ветеранал! Къабул гьабе Россиялъул жанисел ишазул хIалтIухъанасул къоялда хурхун, ракI-ракIалъулаб барки. Гьеб буго гIадлу-низам, законал ва щибаб къоялъ районалъул гIадамазул Баркиялъулал рагIаби абуна районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель АхIмад Сулаймановас, районалъул прокурор МухIамад МухIамадовас, Унсоколо районалъул судалъул председателасул ишал тIуралей Загьидат Абакаровалъ, ФСБялъул



парахалъи цIуниялъул хъараВуллъуда ругел хIалтIухъабазул байрам. Хасго баркала загьир гьабизе бокьун буго жидеца тIолабго гIумру жанисел органазул хIалтIуда бухьинабурал ветераназе. Гьезул гIемерисел гьабсагIатги хIалтIулел руго ва кIудияб бутIа лъолеб буго гIолохъанал махщалилазе тарбия кьеялъулъ. Гьарула нужее ва нужер гIагаразе щулияб сахлъи, икъбалгун талихI. Метерисеб къоялде, лъикIаб букIинеселде божилъи цIикIкIаги», -ян абуна Сайпудин МухIамадгIалиевас, данделъи рагьулаго. хIалтIухъан ХIажи Сулаймановас, пенсионнияб фондалъул отделалъул нухмалъулев ТIалхIат Жамалудиновас, жанисел ишазул органазул ветераназул председатель **Амага Амагаевас**. Гьез жанисел ишазул отделалъул хIалтIухъабазе ва ветераназе гьарана щулияб сахлъи, талихIрохел, халатаб гIумру.

Данделъиялда районалъул администрациялъул рахъалдасан материалияб кумек гьабуна гIумруялдаса ратIалъарал полициялъулазул хъизабазе.

**«Гумбет» РИО**

ГIАКIА АХIУЛЕБ БУГО

# Читайте – завидуйте, я – гражданин!

**Уважаемые граждане!**

18 ноября 2015 года в селении Ботлих Ботлихского района РД проводится прием документов на оформление загранпаспорта. Для данной процедуры вам нужно при себе иметь паспорт гражданина РФ. По всем интересующимся вопросам можно обратиться в миграционную службу Гумбетовского района (паспортный стол).

**Контактный тел.: 8 (928) 505-19-93.**

АРАЛДА ТАМАНЧА РЕЧIЧIАНИ



**ЧIиркъатIа бугеб Тахо-Годил цIар къураб республикаялъулаб музеялъул филиалалъул алатал.**

БетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, Мелъелтlа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1339
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторас. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.